



ACCÉSSS

Alliance des Communautés Culturelles pour
l'Égalité dans la Santé et les Services Sociaux

Yo di m ke yon fanm Kanadyen sou uit pral devlope kansè nan tete nan vi l, èske se vre? Lè m al fè yon rechèch sou sijè sa, mwen te aprann ke non sèlman sa te vre, men ke nou pa ka detekte maladi sa sou moun ki genyen l, sèlman paske ou manyen l ou paske ou gade l. Sepandan, pi bonè yon kansè detekte, pi ba to mòtalite an ye.

Erezman, Pwogram Depistaj Kansè Tete Quebec (PQDCS - Programme québécois de dépistage du cancer du sein) egziste e li vize prevansyon pou evite plis lanmò posib.

Ki jan? Lè nou voye yon lèt bay tout fanm ki gen ant senkant a swasant nèf an ki gen asirans nan Régie de l'assurance maladie du Québec (RAMQ), pou envite yo fè yon mamogram chak dezan, sa vle di yon radyografi nan tete, gratis. Moun ki pa gen yon kat asirans sante kapab kontakte yon pwofesyonèl nan sante an, pou jwenn yon preskripsyon ki pèmèt yo fè egzamen sa a, ki selon ka yo, yo va peye.

Pou m fè mamogram mwen an, tout sa mwen dwe fè se pran yon randevou nan yon sant depistaj devwe, prezante ak dokiman yo mande yo, ranpli fòm konsantman an sou plas epi pase yon egzamen. Tout detay yo nan lèt la, pakonsekan enpòtans pou li ak anpil atansyon. Mwen sijere tou pou ou ka al pase yon tèt iltrason, paske gen kèk kansè yo pa detekte pa mamografi sèlman. Fòk ou peye pou opsyon sa, men li pa chè.

Doktè mwen an te di m ke pwogram sa a gen anpil avantaj : diminye risk pou mouri paske gen kansè nan tete, oblije sibi chimyoterapi, konnen sante jeneral tete mwen, ak plis ankò. Pou retabli laverite sou pakèt bagay ke moun ap di nan popilasyon an sou menm sijè a, li te site m tou kèk reyalyte ke mwen ta renmen pataje avèk ou :

- Mamogram yo pa lakòz kansè epi yo san doulè
- Li enpòtan pou w fè l regilyèman
- Kansè nan tete ka rive menm ak moun ki gen sante et ki pa gen pwoblèm kansè sa nan fanmi li

Jan nou konn di, lagè avèti pa touye kokobe, donk pa ezite fè mamogram ou!

Si w vle plis enfòmasyon, ou mèt al sou sit entènèt www.accesss.net (dossiers — cancer et femmes immigrantes — PQDCS)